CIVIC ACTION TEAMS

# Nepal Coronavirus CivActs Campaign

अंक #२५

३१।१।२०७७

भ्रामक समाचार, हल्ला आ अफवाहसभसँ जेना जनजिवन अस्त व्यस्त बनेने छलै, अखन कोरोना भाईरसके महामारीके अवस्था सेहो तेहने छैक । हमसभ् मिलक एकर निराकरणमे महत्वपूर्ण भूमिका निर्वाह क सकैत छी । एहिके लेल अपनासभके विश्वसनिय आ श्रोत खुलल सहि सूचना निर्णायिक तहतक प्रवाह क सकैत छी ।

**Coronavirus CivActs Campaign (CCC)** सँ सरकार, सञ्चार माध्यम, संघसंस्था आ आम नागरिक बिचक सूचनाके दुरी कम कएक देशभैरसं संकलन कएलगेल हल्ला, नागरिकक जिज्ञासा आ प्रश्नसभ संकलन कए तथ्य पत्ता लगाएक आम नागरिकके सूचित करैत अछि । एहिसं आम नागरिकक आवश्यकताके पहिचान करवाक साथे हल्लासभहक कोनो नकारात्मक असर पहुचावस पहिलेहि सान्दर्भिक तथ्य आम नागरिक सभमे प्रवाह कए जोखिम न्युनिकरण करैत अछि ।



नेपाली नागरिकलाई सिमानामा अपरिचित जस्तै व्यवहार गरियो ।
दुधे बालकको चित्कार कसले सुन्छ ?
तस्बिर: AP




स्रोत: https://covid19.mohp.gov.np/#/

## कोभिड - १९ के लेल सञ्चालन होबवला क्वारेन्टाईनमे प्रतिदिन प्रतिव्यक्ति आवश्यक अनुमानित बजेट

मानव संसाधनमे
रु. ४९७

उपकरणमे
रु. ९५

खाना आ रह मे
रु. २,०१३

सवारी साधनमे
रु. ३००

सूचना व्यवस्थापन करमे
रु. ८

गन्दगी व्यवस्थापन करमे
रु. १२०

**जम्मा**
**रु. ३,०३३**

स्रोत: https://drive.google.com/file/d/1Jrg02HTqN-q8KkUESCne35GreQOL199h/view

accountabilitylab NEPAL

# हल्ला आ तथ्य



वैदेशिक रोजगारीमे रहल लाखों नवयुवक स्वदेश फिर्ता आओत आ बेरोजगार होयत से पक्के जेना अछि । सरकार एहि सम्बन्धमे कि योजना बनारहल अछि ?

कोरोनाके कारण गुमल रोजगारीके पुनर्स्थापित कर, वैदेशिक रोजगारीसँ फिर्ता आबवलासभके रोजगारी उपलब्ध कराबय आ स्वरोजगारी बढाब कृषि, छोटका, घरेलु तथा मध्यमतहके उद्यमसभ आ सेवा क्षेत्रमे संलग्न होब उत्प्रेरित कर सकि तहि तरहे बजेट निर्धारण करब आ उ कार्यक्रम प्रदेश आ स्थानीय तहसाथेके सहकार्यमे सञ्चालन करके तैयारी सरकार कएने अछि ।

स्रोत: http://www.shorturl.at/aq046



कोरोनाके प्रकोप बढैत के बैढते अछि । एहि बीचमे बहुतो आदमीसभ लकडाउनके उल्लंघन कएरहल अछि । कत आ केना जानकारी करेबै ?

कोभिड-१९ सम्बन्धी सूचना/जानकारी दैला नेपाल प्रहरी “Nepal Police” मोबाईल एप सञ्चालनमे लौने अछि । जतय लकडाउनके उल्लंघन भेल, लकडाउनके अवस्थामे कालाबजारी भेल, छरछिमेकमे ककरो कोभिड - १९ के लक्षण देखायल आ सेल्फ क्वारेन्टाईनमे रहल सूचना आ लकडाउनसँ अपना कोनो जगहमे कठिनाई भेलापर सूचना/जानकारी देब सकैत छी । विस्तृत जानकारीके लेल निचा देलगेल लिंक देखल जाय ।

स्रोत: https://twitter.com/NepalPoliceHQ/status/1245324888774070274/photo/1



वैदेशिक रोजगारीमे रहल मृतकसभके लाश नेपाल लाब सक के अवस्था नहि अछि । एहि विषयमे सरकार किछ पहल क देत कि ?

एहि अवस्थामे मृतक कामदारके लाश सम्बन्धित देशेमे तत्काल अन्त्येष्ठि कर परवाक बाध्यता भेलासँ नजिकके हकदारके तरफसँ सहमती पत्र सम्बन्धित जिला प्रशासन कार्यालय मार्फत पठाब वैदेशिक रोजगार बोर्ड सचिवालय आग्रह कएने अछि । एना चिठ्ठी पठाबवला कामदारके नजिकके हकदारके राहत स्वरुप वैदेशिक रोजगार बोर्डके सचिवालयसँ रु. ५०,००० देब कहि नेपाल सरकार मन्त्रीपरिषद स्तरिय निर्णय भेल अछि ।

स्रोत: http://www.fepb.gov.np/detail/76/suchana



सरकारद्वारा जेठ १ गतेके बादसँ अखनतक जारी कएलगेल सब पास रद्द करलक अछि ।

गृह मन्त्रालयद्वारा एहिसँ पहिले जारी कएने एक जिलासँ दोसर जिला जायपाबवला पास मात्रे रद्द कएलक अछि । जिला भितर आवाजाही होबएवला अत्यावश्यकिय सेवाके लेल देलगेल पासके मान्यता यथावत रहत ।

## सूचनाका स्रोतहरु

नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय कोरोना भाईरस रोग (COVID – 19) सम्बन्धी स्वास्थ्य क्षेत्रको प्रतिकाय

जोन्स् होपकिन्स् कोरोना भाइरस स्रोत केन्द्र

स्वास्थ्य र जनसंख्या मन्त्रालय

कोरोना कोष सञ्चालन निर्देशिका, २०७६

कोभिड(१९ को अवस्थाअ

कृषि तथा पशुपंछी विकास मन्त्रालय

नेपाल श्रम शक्ति सर्वेक्षण

सुरक्षित हुन के गर्ने

प्रधानमन्त्री तथा मन्त्रीपरिषदको कार्यालय



accountabilitylab NEPAL

# मुख्य गन्तव्य राष्ट्रमे रहल नेपाली कामदार

| साउदी अरव | कुवेत | बहराईन | कतार | युएई | ओमान | मलेसिया | दक्षिण कोरिया |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| ३,५२,६६७ नेपाली | ८२,६३० नेपाली | २८,२७६ नेपाली | ४,३७,००९ नेपाली | २३,११,०८८ नेपाली | ८,२५० नेपाली | ४,६९,१३१ नेपाली | ५३,६९१ नेपाली |
| ३३,७३१ संक्रमित | ६,५६७ संक्रमित | ४,१३१ संक्रमित | १८,८९० संक्रमित | १६,२४० संक्रमित | २,९५८ संक्रमित | ६,४६७ संक्रमित | १०,८२२ संक्रमित |
| ६७४ नेपाली संक्रमित | ७८ नेपाली संक्रमित | १९५ नेपाली संक्रमित | १,४०० नेपाली संक्रमित | ८५ नेपाली संक्रमित | | ४५ नेपाली संक्रमित | |




स्रोत: https://who.sprinklr.com/

**ShramikSanjal**

## दुबई या कतारमे छी ? ई महत्वपूर्ण जानकारी बुझि राखु ।

**दुबई:** दुबईमे सार्वजानिक यातायातसभ सञ्चालनमे अछि । साथे दुबई ट्राम सेहो आई सँ सञ्चालनमे आयल अछि । एहन समयमे अपनासभके सार्वजनिक सवारीसाधन केना प्रयोग करब कहि ओहि बिषयमे सम्बन्धित निकायसभद्वारा देलगेल किछु सुझावसभ ।

- आरोबेर सँ कम्तिमे सेहो आधा घण्टा पहिले बस तथा मेट्रो स्टेशनपर पहुचब ।
- आहाँ चढ् लागल बस, मेट्रो तथा ट्राममे भीड छै त, तैमे नहि चढब आ दोसरके प्रतिक्षा करब ।
- स्टेशनमे आ सवारी भितर २ मिटरके आपसी दूरी कायम राखब ।
- लाल रंगके संकेतमे नहि बैसब, उ सामाजिक दूरी कायम होई तै उदेश्यसँ कएलगेल अछि ।



**कतार:** कतारमे लगभग डेढ् महिनासँ बन्द रहेल मनि एक्सचेन्ज आ ट्रान्सफरसभ काईल्हसँ खुलल अछि । तैके लेल किछ निचा( देलगेल नियमसभके पालना कर परत्:

- मास्क लगाक मात्रे एक्सचेन्ज भितर जायब ।
- कम्तिमे २ मिटरके सामाजिक दूरी कायम राखब ।
- भितर जायकाल शरिरके तापक्रम जाँच कलक मात्रे भितर जाय देत तै, हल्का बोखार लागल अछि या कमजोरी अनुभव भरहल अछि त नहि जायब ।
- नोट छुलाके बाद हाथके मुहलग लजायसँ पहिले स्यानिटाईजरसँ साफ करब ।



accountabilitylab NEPAL

# $ फलो द मनी



जम्मा | खर्च

तीन बेर कएक नेपाल सरकार
अर्थ मन्त्रालय मार्फत छुट्याओल गेल

**करिब १ अर्ब ४८ करोड**

कोरोना भाईरस जोखिम नियन्त्रण,
रोकथाम तथा नियन्त्रण कोषमे जम्मा

**करिब २ अर्ब २० करोड**

## संघिय सरकार

कोरोना भाईरस विरुद्धके गतिविधिमे
नेपाल सरकारद्वारा कएलगेल खर्च

**करिब १ अर्ब ८ करोड**

रक्षा मन्त्रालय मार्फत कोरोना रोकथाम
आ नियन्त्रणके लेल आवश्यक
स्वास्थ्य उपकरण किनबाक लेल

**२ अर्ब ३४ करोड** निकासा

## दाता

ए.डि.बि.
करिव ७ अर्ब २० करोड

विश्व बैंक
करिव ३ अर्ब ४८ करोड

आई.एम.एफ.
करिव १३ अर्ब ९ करोड

युरोपियन युनियन
करिव ९ अर्ब ८० करोड

| प्रदेश | जम्मा रकम | खर्च गरिएको रकम | बाँकी रकम |
|---|---|---|---|
| प्रदेश १ | करिब २८ करोड ९६ लाख | करिब १५ करोड ९ लाख | करिब १३ करोड ८७ लाख |
| प्रदेश २ | ६१ करोड | १७ करोड ७० लाख | ४३ करोड ३० लाख |
| बागमती प्रदेश | ४० करोड | २२ करोड २५ लाख | १७ करोड ७५ लाख |
| गण्डकी प्रदेश | करिब १५ करोड | ९ करोड २० लाख | ५ करोड ८० लाख |
| प्रदेश ५ | २३ करोड ६० लाख | १३ करोड ६० लाख | १० करोड |
| कर्णाली प्रदेश | ५० करोड | १३ करोड २० लाख | ३६ करोड ८० लाख |
| सुदुरपश्चिम प्रदेश | करिब ४० करोड २७ लाख | २० करोड १९ लाख | २० करोड ८ लाख |

नोटः ई विवरण पूर्ण नहि अछि। उपलब्ध माध्यमसँ संकलित कए राखल गेल अछि ।
आओर सही तथ्यांक संकलन कए परिमार्जन करैत जाएब ।

# कोभिड-१९ रोकथाम, प्रतिकार्य आ नियन्त्रण कर सैनिक सहयोगाके लेल खटवला सकलदर्जाके प्रधान सेनापतिके दश निर्देशन



१. अपन परिवार, समुदाय आ राष्ट्रके बचावला सबसँ पहिलेके बचाउ ।

२. अपनाके सुरक्षित राख व्यक्तिगत सरसफाई उच्चतम राईख आरोसाथे सदैब १.५ मिटरसँ बेसी शारीरिक दुरी कायम करु ।





३. तवियत ठिक नहि भेलापर घरमे या व्यारेकमे रहु, जरुरत भेलापर परिक्षण कराउ, शारीरिक दुरी कायम कलक अपनाके आईसोलेशनमें (सबसँ अलग) राखु ।

४. आधिकारिक सूचनामे मात्रे विश्वास करु ।





५. अपन सहकर्मीसभ प्रति सदैव सहयोगाके भावना राखु । सैनिक सेवाके धर्म आ मर्यादा स्वयं बढियासँ बुझि सहकर्मीके सेहो बुझाउ ।

६. सब नागरिकप्रति सदैव आदरभाव देखाउ, अपन स्वास्थ्यके जोखिममे राईख नागरिकके ईलाजमे लागबला स्वास्थ्यकर्मीसभके उच्च सम्मान करु ।





७. अपन राष्ट्रके सेनाके उपस्थिति मात्रसँ सेहो कतको नागरिक आश्वस्त होईत अछि । बिमार सेहो निकभेल महसुस करैत अछि, नेपाली नागरिकप्रति सदैब सदाचार, भद्र व्यवहार आ मानवीयता प्रदर्शन करु ।

८. नेपाल सरकारद्वारा कएलगेल लकडाउन महामारी फैलसँ रोक, देशेके लेल अवसर आ चुनौती दुनु अछि, बहादुरी नहि, बुद्धि आ विवेकके प्रयोग करु । नागरिकके सेवामे समर्पित भेलकालमे अपन सुख सुबिधा बिसैर सदैव सर्वोच्च सेवाभाव देखाउ ।





९. संकटके अखनके समयमे संयम् आ धैर्यता देखाउ । कठिन समय किछ समयके लेल मात्रे अछि, सदैव ख्याल राखु ।

१०. अपन बोली आ व्यवहारसँ मात्रे सेहो आरोके सोचमे परिवर्तन आनल जासकैत अछि, अपन-अपन दैनिकीमे परिवर्तन कर सबके अभिप्रेरित करु ।



स्रोत: नेपाली सेनाके वेवसाईटसँ साभार

सही सूचना

# सरकारद्वारा विदेशमे रहल नेपाल कामदारके उचित व्यवस्थापन कयनाई जरुरी अछि




उपरके ग्राफ बहुतो गन्तव्य राष्ट्रमे रहल नेपालीमे देखलगेल कोभिड - १९ के संक्रमणके तथ्यांक देखाबैत अछि । खराब बन्दोवस्ती, कम ठाँममे बेसी कोई रहवला बाध्यता आ रोजगारदाता कम्पनी आ सम्बन्धित राष्ट्रद्वारा सहयोग नहि करला सँ कामदारसभमे संक्रमणके उच्च जोखिम होबके साथे मानसिक तनाव बढेल अछि । महामारीसँ कामदारके सुरक्षा कर आ ओकरसभके उचित व्यवस्थापन कर सरकार सचेत होबपरैत अछि । तत्काल कूटनीतिक पहल कऽ ओकरासभके सुरक्षित नेपाल फिर्ता लेनाई जरुरी अछि ।

स्रोत: nrna.org

एहि अंकमे समेटल गेल हल्ला, सवाल एवम् सूचनासभ, बहुतो संस्था, व्यक्ति, नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय आ विश्व स्वास्थ्य संगठनके वेब पेज, सामाजिक सञ्जाल, आ सिभिक एक्सन टिम एहि अप्रिल महिना भितर २००० सं बेसी व्यक्तिसभसंगेके संवादसं संकलन कएलगेल छैक । विषयके महत्व, सान्दर्भिकता आ तीव्रताके ध्यान दएक हल्ला, सवाल एवम् जिज्ञासासभक चयन कएलगेल अछि । एहि अंकमे समेटल गेल जानकारी बुलेटिन प्रकाशित भेल तिथितक सत्य अछि।

**Coronavirus CivActs Campaign** is brought to you by **Accountability Lab Nepal**.

accountabilitylab communities

CivActs | Email: civactsnp@accountabilitylab.org | Phone: 9851203219